ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№233 (23.391) ● 2016 гъэм дыгъэгъаззэм (декабрым) и 2, мэрем ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ



# Урысейр гугъуехьхэм нэхъ лъэщ ящІ

**Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззэр краснодар политикэ и лъэныкъуэкІэ къыщыхъуу Іуэхугъуэ нэхъ инхэм ящыщщ. Дыгъуасэ Кремлым щекІуэкІа а зэІущІэм къриохьэлІащ УФ-м Федерацэмкіэ и Советым хэтхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, Правительствэм щыщхэр, Конституцэ судым, Суд Нэхъыщхьэм, Арбитраж судым я унафэщІхэр, прокурор нэхъыщхьэр, Хэхакіуэ комиссэм, Къэзыбж палатэм я унафэщІхэр, Урысейм и Жылагъуэ палатэм, Къэрал Советым хэтхэр, зэгуэгу Іэтащхьэхэмрэ хабзэзыдзыкъ органхэм я унафэщІхэмрэ, политикэ, жылагъуэ, дин лэжьакІуэхэр, журналист 600-м щІигъу.**

ПУТИНЫМ Федерацэмкіэ Советым Зэрызэхуигъаззам увыпІэ нэхъыщхьэ щызыубыдар къэралкІуэцІ Іуэхуэрщ - экономикэм зегъэужьыныр, политикэр егъэфІэкІуэныр. Апхуэдэуи, цыхуэхэм я псэукІэр нэхъ зэІуэзэпщ хъун папщІэ къэралым и пщэрыльхэр къызыхуэтыншэу гъэззэщІа хъуныр къэпсэльэныгъэм и гупсысэ нэхъыщхьэу щытауэ къэбгъэльагъуэ хъунущ.

Къэралым и Президентым къыхигъэщащ урысей властым и политикэр зыхуэунэтІар и цІыхуэр икъумэныр я унагъуэхэм ядэпыкъуныкІэ ара уэ зэрыщыІтыр. «Къэралым ис цІыхуэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэ зэпытщ. Къальхър нэхъыбэщ лІэм нэхърэ (коэффициентыр 1,7-рэ мэхъу). Ар адрей къэралхэм нэхърэ нэхъыбэщ. 2017 гъэм ар иджыри зымащІэкІэ хэхъуэну ди гугъэщ», - жиІащ Путиным. Узыншагъэр хъумэн Іэнатіэм къыщыхъуу зэхъуэкІыныгъэхэм я гугъу щищІым ящыщ и Іэтащхьэр къытеувыІащ технологие, Іэмэпсымэ лъэщхэр къыщагъэсэбэн медицинэ дэпыкъуныгъэм и зэфІэкІым иужьрей илъэси 10-м хуэдэ 15-кІэ зэрыхэхъуар икІи мылъку зэрыхуаутІыпщ Іэмалыр адэкІи ирагъэфІэкІуэну къыхуриДжащ. Ауэ щыхъуакІи, Путиным къыхигъэщащ Іэнатіэм зэфІэмэхьэныгъэхэри зэрыщыІэр: сымаджэхэр дохутырхэм я пэжьэкІэмкІэ щымыарззы мымащІэу къызэрихьэр, дохутырхэм къалэн куэд я пщэ зэрыдалъхьажыр, Іэщіагъэлпхэр къащемэщІэкІ щыІналъэхэр зэрыщыІэр.

Къэралым и унафэщІым къызэрилъытэмкІэ, цІыхуэхэм курыт щІэныгъэ егъэгъуэтын Іэнатіэми щымащІэкъым узэпхьажьын: юхьаго хъуа еджапІэхэм я пІэкІэ щІэхэр ухуэн, етІуанэ, ещанэ сменэу еджэ щымыгъэІэн. «Школ программэр зэрызэхэт сыхьэт бжыгъэр мыхъуу, театрхэм, телевиденэхэм проектхэр щегъэкІэжкІын хуейщ, еджакІуэхэр щІэныгъэм нэхъ дихьэхьн папщІэ. ШколакІуэхэм я гупсысэкІэр ГъунапкІэ гуэрым къыщымыувыІэу, еджапІэр къыщацухьм ирихьалІэу абыхэм къалэнхэр зыхуэхьыкрэ ахэр ягъэззащІэжьыфу щытыныр Іэмал зимыІэщ», - жиІащ Президентым.

«ДызыхуэкІуэ илъэсым Урысейм и субъектхэм сом мелард 20 ахуэдэу тІыпщынущ я щІыналъэхэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ программэхэм трагъэкІуэдэну, абы хьыкъэнущ зы Іуэхущапіэм епхэ къалэ мыинхэри. ДызытемыкІыну Іуэхуэсыхэм ІащІа а ахъшэр зытрагъэкІуэдэн хуейуэ къалъытэзэ къыщыхахкІэ езы къалэдэсхэри абы хэлІыфІыхьын зэрыхуейр. Абы Урысейпсо Цыхубэ фронтри къыхьыхьэу кІэпхыпІыну сыхуейт. Гу лъыввэгъэтэну сыхуейкІ: кІэлъыпІъ къудей мыхъуу, Іуэхум къриКІуэри зрагъэпэлъагъуныр, цІыхуэхэр зыщІэжьыхэсар ягъуэтэрэ ямыгъуэтарэ зрагъэщІэнырщ нэхъ тэмэмыр», - жиІащ Путиным.

Президентым къыщхъуэсахэм ягу къигъэкІыжащ 2017 гъэр Экологием и илъэсу зэрагъэувар. Абы ипкъ иткІэ, къэралым и дэтхэнэ щІыналъэри, я нэхъ къалэ цІыкІури, къуажэхэри ягъэкъэбзэну, зэІуэзэпщ ящІыну, куэншыб идзыпІэхэр ягъэсеижыну къаузэрыпсэщытыр жиІащ.

«Иджыри зэ зыфхуэзгъэзэну сыхуейщ, фи лэжьапІэ пэщхэм зыщыбмыгъэпщкІу, цІыхуэхэм фепсэльэну фащымышынэ, фахуэзэ, фечэнджэщ, я жэрдэмхэр ядэфІыгъ. Псом хуэмыдзу къалэхэр, къуажэхэр зыхуей хуэгъэзэнымкІэ, тхыдэ щІэнихэр хъумэ хъунымрэ жыпІэм зэманым декІуу зиужьыныкІэ ятеуауэ къыхалъхьэхэр ялэ ивгъэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ Іуэхуэхэр щэхуу зэфІах. Абы ехьэлІауэ сынывзупщІыну сыхуейт: «Фи фІэщ хъурэ лэжьапІэ пэшым къыщыбгупсыса хэкІыпІэр нэхъ тэмэму? ЦІыхуэхэм фечэнджэщмэ мынэхъыфІу пІэрэ уэрамхэм, пщІантІэхэм, паркхэм, сабий джэгупІэхэм яІэн куэй тепльэр зыхуэдэмкІэ?» - къыхигъэщащ Путин Владимир, къызэхуэсахэм защцыхуигъаззм.

Президентым и къэпсэльэныгъэм и нэхъыбэр зытриухуар, дауи, экономикэрщ. Абы къыхигъэщащ илъэситІ ипэкІэ ди къэралым санкцэхэр къыхуэгъэуауэ зэрыщытар, ауэ экономикэм зиужьыныр нэхъыбэу къэзыльхьэр къэралкІуэцІым щыІэ гугъуехьхэр зэрыларар. Ауэ экономикэр зэрехуэхыр къызэтеувыІэри, хэхъуэ гуэрхэри диІэ хъуащ. Ар нэхъыбэу зи фІыщІэр промышленностым и Іэнатіэ зыбжанэр дзэзыІыгъ программэхэр зэрызэхальхьарщ. 2015 гъэм псэупІэ унэу метр зэбгуэзэнатІэ мелуан 85-рэ яухуащ, апхуэдэ Урысейм зы илъэсым зэм къыщымыхъуауэ. Путин Владимир къыхигъэщащ экономикэм и Іэнатіэ дзэхэхэкъм дяпэкІэ гулъытэ щхьэхуэ зэрыхуащІынур.

Президентым зэрыжиІамкІэ, мы илъэсым и кІэм инфляцэр нэхъ мащІэ хъунущ - проценти 6 иримыкъуу щытыну къаГъэлъагъуэ. 2015 гъэм ар процент 12,9-рэ хъууэ щытащ. Апхуэдэу екІуэкІмэ, етІанэгъэ процентти 4-м хуэкІуэну зэрыщыгугъыр жиІащ къэралым и Унафэщым.

Путиным зи гугъу ищІахэм ящыщ мэкъумэш Іэнатіэм хэпщІыкІыу зэрызижьыр, абыкІэ санкцэхэр сэбэн зэрыхъуар.

- Нобэ АПК-р нэхъ зызыужь унэтІныныгъэхэм ящыщщ, къэралыр игъашхэрэ дунейпсо рынокми и гуащІэ хилъхьэфу. Санкцэхэр игъащІэкІэ екІуэкІыну ягъэувыркъым, щэхуакІуэхэми зыхэдэн къальхъхъу, а щытыкІэр дэ Іэрыхуэу къэдгъэсэбэпыфынхэ хуейщ, - жиІащ Путин Владимир. Іэтащхьэм къыхэзрыхигъэщамкІэ, мэкъумэш продукцэ хъэлэжьныным хэхъуэ нэхъыбэ къет, Іэщэ щэным нэхърэ. «Нэхъапэм ар ауи ди нэгу къыхтущІэгъэхьэртэкъым, ауэ 2015 гъэм мэкъумэшхэКІуу сом мелард 16,2-рэ и уасэ тщащ, мы гъэм ар нэхъыбэнущ», - жиІащ Президентым.

Путиным ирэзы техъуащ зыхъумэжьныгъэпромышленнэ комплексым и Іуэху зыІутым. Гулъытэ лей хуищІащ ІТ-индустриер Іэнатіэ нэхъ зызыужь дыдэхэм зэрыхабжэм. Куэд щІакъым абы епха экспортым фейдэ гуэри кьихьу зэрыщымытрэ, иджы фейдэр доллар меларди 7-м нэблэгъащ. Абыкіэ сэбэп хъуар льготэхэрщ. Аращ Путиным ахэр иджыри яхуэхьан хуейуэ унафэ щІишІар. Апхуэдэуи къыхигъэщащ 2017 гъэм налог системэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэу, 2018 гъэм къащтэу, 2019 гъэм лажьэу зэтраублэну къаззэрыпэщытри.

Урысейм и щІыналъэхэм хьэрычэт Іуэхуэр щыдэІыгъын зэрыхуейми тепсэлъыхьащ къэралым и УнафэщІыр. Ахэр зи нэІэ щІэт хъэрэ къулыкъущІапІэхэм я лэжьыгъэр егъэфІэкІуэн хуейуэ зэрыщытыр, хьэрычэтыщІэхэм яхуэгъэзэа хабзэр къызэпаудмэ, къуаншэр и чэзум жэуапым ирашалІэу зэрызэтраублапхъэр дыщІигъащ. «Хьэрычэт Іуэхум и лъакъуэри и Іэри упхыщр эхкІыпІэкъым. Ар зэпщІэн Іуэхур гъэмэщІауэ, абы къриКІуэр нэхъ нэрылъагъу зэтеуэхуапхъэщ», - жиІащ Президентым.

Путин Владимир щыхъуэу къытеувыІащ корупцэм пэщІэтынымк ехьэлІа Іуэхуэм. Къулыкъури, цІыхуэгъэри, Іэнатіэм щызыІэрагъэхьа ехьулІэныгъэхэри сэбэп хуэхъунукъым Іулъхьэ къыІихауэ къыщыдгъэщІым.

ЩІэныгъэм Іуэхур зэрыщытыр, хьэрычэтыщІэхэм я лэжьыгъэм и гугъу щищІым, УФ-м и УнафэщІым къыхигъэблэджьылкІащ ди къэралми, хамэ щІыпІэхэми щылажьэ щІыху Іущхэр, щІэныгъэлі щІэрыпуэхэр дызэриІэр. Апхуэдэуи тригъэчыныхьащ купщІэ зиІэ къэхутэныгъэ проектхэм ахъшэ хэлъхьэныр щыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуу къыщызэриІытым, Урысей щІыпІэгъэ фондым и кІылькІэ щІэныгъэ-гъэкІэдапхъэм. Абы жиІащ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм гранткІэ ядэІэпыкъуныр зэрыраГъэжьаР, ар илъэси 7-кІэ зэрылэжьнур икІи 2017 гъэм сом меларди 3,5-рэ зэрыхухахынур.

Путиным парламентархэм ягу къигъэкІыжащ Урысейр иужьрей илъэсхэм хамэ къэралхэм якъуащІ «ГъэкъуэпсыІэдзхэм» зэригъэбэрэрыгъар. «Къамыгугъэсса щыІэжьмэ: адрей къэралхэм я дежкІэ Урысейм щынагъуэ кІыпкъыкІыу, нэгъуэщІ щыпІэхэм щекІуэкІ хэхъныгъэхэм дыхэлэбэу, паралимпийцхэм лей етхуу хьыбар нэпцІхэр яутІыпщат. Къапщтэмэ, псоми яужэгъуащ нэгъуэщІхэм я фейдэ зыхэлъ хьыбархэр зэрызэбграгъэкІыр», - жиІащ Президентым. Абдежым дыщІигъуащ Урысейр зыкъом зэрыхуэмыхьур, дунейпсо, щІыналъэ гугъуехьэхэр зэфІэхьныкІэ сэбэп хъуну сыт щыгъуи зэрыхьэзырыр. Путиным къыхигъэщащ бий къызэримылъыхьуэр, ныбжьэгъуфэ зэхущытыкІэр нэхъ зэрригупэр. «Дэ ди мурадщ, зи ужь дитынури аращ - ди псэукІэр дэ дыхэрыхуейуэ духуэжыну, дыхэхуэмей ямыгъэжащэ хамэ псалъэрэ къыхэмыхьэу ди къэкІуэнур дубзыхужыну», - жиІащ абы.

Путин Владимир и къэпсэльэныгъэм и кІэхуэу къытеувыІащ къэралыбзэ политикэм, дунейпсо зэпыщІэныгъэхэм. Абыхэм ящыщу ятпэ иригъэщар Урысейр Китаймрэ Япониемрэ, Индиемрэ зэрахущытырщ.

«Мыбдежми къыхэзгъэбелджылыкІыну сыхуейщ Урысейм и гупэр Къэрыкъпіпэмкіэ зэригъэзар нобэрей гугъуехь гуэркэм къытхуахьауэ зэрыщымытыр, Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ Евросоюзымрэ ятпэкІэ дызыщІар зэрымыарар, атІэ дунейпсо зыужьныгъэм дыльэщыхьэн папщІэ пІалъэ кІыхьым тещІыхьа ди мурадхэр абыхэм зэралъабжьэр», - къыхигъэщащ Іэтащхьэм. Апхуэдэуи дыщІигъуащ Америкэм и администрацщІэм дэлэжьэну зэрыхьэзырыр. «Дэ жэуапльныгъэ зэхуэдэ дохь дунейпсо шынагъэншагъэмрэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ хъумэныкІэ икІи дыхьэзырщ абыхэм я гъусу дунейпсо терроризмэм дыпэщІэтыну», - жиІащ Президентым.

Къэралым и Президентым къыхигъэщащ Урысейр иужьрей илъэсхэм зрихьэлІа гугъуехьхэм нэхъ лъэщ зэращІар, дяпэкІэ зэлэжьыпхъэ унэтІныныгъэхэр уБзыхуэныкІэ ахэр сэбэп зэрыхъуар. «НэгъуэщІ жыпІэмэ, дэ Іуэху цІыкІуфэкІуэхэм зыдедгъэхьэкъым, ди цІыхэр тхъумэжьи къудейм и ущхьэ ди титакъым, атІэ зэрызыдужьын мурадхэр дубзыхури, ахэр зэрыдгъэзэщІэным дыпылъащ. Ноби ди къэкІэн нэхъыщхьэр ахэр гъашІэм хэпщэныращ», - жиІащ Путин Владимир.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.**

● КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий и псалъэ

# Гулъытэ хэха ягъуэтынущ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и УнафэщІыр тепсэлъыхьащ Путин В. В. Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзар къызэрыщыхъуэм: «Гулъытэ хэха ягъуэтынущ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ унэтІныныгъэхэм: жылагъуэ зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным, политикэ, граждан зэгурыІуэныгъэм, экономикэм зегъэужьыным, социальнэ Іэнатіэм зыщІэнгъэхъуэным.**

ХУАБЖЬУ зи чэзу Іуэхущ хьэрычэт Іэнатіэм зегъэужьыныкІэ зыхуеину Іэмалхэр щІыналъэхэм ящыщІэзэгъэпэщынкІ, кІэлъыплъакІуэ-къэпщытакІуэ органхэм бизнесым кьемызэгъэуу щІытракъуэр къэмыгъэхъунуР. Урысейм и Президентыр щхьэхуэу къытеувыІащ корупцэм пэщІэтынымк, зэпыщІэныгъэхэр, зэгуэр яІа фІыщІэри тегъэщІапІэ зэрахуэмыхьунур» къыхигъэщри, Путин Владимир жиІащ судым унафэ пыухыкІа къимыщІтэ щІыкІэ цІыхуэр къуаншэу е мыкъуаншэу бгъэІу зэрымыхъунур. Апхуэдэу акъылэгъу умыхъункІэ Іэмал иІэкъым коррупцэм пэщІэтынымкІэ бэнэныгъэр «Іэкіуэлъакіуэу, теубыдауэ, жауплыныгъэр зыхах цІэу ирагъэкІуэкІын зэрыкуэймкІэ», арышауэ а лэжьыгъэр цІыхубэм къызэрыбдамыІыгъынымкІэ.

Іыхьэ хэха хуэгъэпсащ узыншагъэр хъумэным, технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэ дэпыкъуныгъэ къызэгъэпэщыным, перинатальнэ центрхэр зэтегъэувэным. Абыхэм ящыщ зы дызэрыт илъэсым кьриубыдэу хьэзыр щыхунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм. Апхуэдэ медицинэ Іуэхуэщ Іапі лъэщ зэращІым республикэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, ди деж гъэ къэс ику иту сабий мин 13 къызэрыщалъхур къэпльытэмэ».

***КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.***

# Сыт хуэдэт упщІэ нэхъыщхьэр?

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ цІыхуэхэм щахуэзащ «Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадэ Медведев Д. А. и жылагъуэ Іуэхущ Іапі эу Налшык щыІэм.**

А МАХУЭМ спикерым Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ зыкъыхуэгъэзащ. Ауэ абыхэм ящыщу нэхъыщхьэ дыдэу щытауэ жыпІэ хъунущ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм ехьэлІаэхэр. ЦІыху зыбжанэм я тхьэусыхафэхэр теухуауэ щытащ фэтэр куэд хъу унэхэр зэрэпэщыжьыным, коммуналнэ Іуэхуэтхьэбзэ щхьэхуэхэм, фэтэр куэд хъу унэхэм щыщу абыхэм щІэсхэм я зэхуэдэ мылъкур зехьэным я уасэхэр щагъэувыкІэ зэрырагъэлейм.

Апхуэдэу Парламентым и УнафэщІым лъэІукІэ зыкъыхуагъэзащ Хэку зауэшхуэм и ветеранымрэ и фэеплъыр хъумэным, унэгъащІэхэм ящыщ зым псэупІэкІэ дэпэпыкъунымрэ теухуауэ.

Языныкъуэ тхъусыхафэхэмрэ лъэІухэмрэ занщІэу унафэ тращІыхьащ, нэхъ зэман куэд зытекІуэдэну Іуэхуэхэр зэрядагъэкІым Егоровэ Татьянэ езыр и щхьэкІэ кІэлъыплъынущ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхуэкіэ» КЪБР-м и Законым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым япкъ иткІэ Парламентым и етхуанэ хэхьыгъуэм и депутатхэр щІэх-щІэхыурэ къьеКІуалІэ цІыхуэхэм йопсалъэ. Апхуэдэ зэІущІэхэр «Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадэ Медведев Д. А. и жылагъуэ Іуэхущ Іапі эу республикэм и къалащхьэм щыІэм, апхуэдэу мэрем къэсреспубликэм и муниципальнэ щІыналъэхэм щрагъэкІуэкІ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.***

# Мусуков Алий УФ-м и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм и секретарыр ирегъэблагъэ

**Республикэм и Премьер-министр Мусуков Алий вэсэмахуэ Правительствэм и Іуэхущ щхьэгъэзащІ Іуэхуэкіэ КъБР-м къэкІуа. Урысейм и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм и секретарь Гладков Николай.**

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал властым и органхэр профсоюз зэгуэхьэныгъэхэм зэрадзэлажьэм, цІыхуэхэм я социальнэ хуитныныгъэхэр зэхьэзэрэпэщыныкІэ дяпэкІи зэфІэгъэкІыпхъэхэм. Гулъытэ хэха хуащІащ социально-лэжьыгъэ Іуэхуэхэр зэблэгъэкІыныкІэ лъэныкъуищым я лІыкІуэхэр зыхэт республикэ комиссэм зэфІигъэкІхэм.

Урысейм и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм и жэрдэмкІэ Налшык къалэм махуитКІэ щекІуэкІащ Кавказ Ищхьэрэм и профсоюз организацэхэм я щІыналъэ зэгухьэныгъэхэм я семинар.

***КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.***

**Узыфэ зэрыщІалэр къыщыхъеяр щІыпІэм - Прохладнэ районым хыхьэ Солдатскэ станицэм зы километркІэ пэжыжьэу щыІэ куэншыб идзыпІэм - мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щхьэщыхьыжным и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

«Ветеринарием и Іуэхукіэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 3.1-нэ статьям тету, Прохладнэ районым щыщ Солдатскэ станицэм зы километркІэ пэжыжьэу щыІэ куэншыб идзыпІэм и щІыналъэм кхъуэхэм я афикэ емынэ узыр гъэкІуэдыным хуэгъэзауэ щагъэуува мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щхьэщыхьжным.

2. Къару имыІэжу къэлытэн «Узыфэ зэрыщІалэр къыщыхъеяр щІыпІэм - Прохладнэ районым хыхьэ Солдатскэ станицэм зы километркІэ пэжыжьэу щыІэ куэншыб идзыпІэм - мардэ пыухыкІахэр (карантин) щыгъэувыным и Іуэхукіэ» 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа унафэ №100-РГ-м къару имыІэжу къэлытэн.

3. Мы унафэм къару егъуэт къыщыщсцэ махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 28-м*
*№112-РГ*

# Геккиев Заур Къэрал Думэм и лІыкІуэхэм яхэту Европэм макІуэ

Дунейпсо парламент зэгухьэныгъэхэм, абыхэм Европэм и советым и Парламент Ассамблеер (ПАСЕ), Европэм шынагъуэншагъэрэ зэдзлэжьэныгъэрэ щыІэныкІэ зэгухьэныгъэм и Парламент Ассамблеер (ПА ОБСЕ) яхэту, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым къыбгъэдэкІуэ кІуэну лІыкІуэхэм хэтыныгъэр кьицтащ Къэрал Думэм и Советым.

Къэрал Думэм НэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ Слуцкий Леонид зэрыжиІамкІэ, УФ-м и Къэрал Думэм къыбгъэдэкІуэ Европэм шынагъуэншагъэрэ зэдзлэжьэныгъэрэ щыІэныкІэ и Парламент Ассамблеем кІуэну делегацэм «Урысей зэкъуэт» партым къыбгъэдэкІуэ депутат 14, КПРФ-мрэ ЛДПР-мрэ ящыщу депутат щырыщ, «Захуагъэ здащІэ Урысей» партым къыбгъэдэкІуэ парламентару 2 хэтщ. «Урысей зэкъуэт» партым и цІыкІэ делегацэм хагъэхьащ ди республикэм депутату щыхаха Геккиев Заур.

Зэман гуэнэгъум кьриубыдэу делегацэм хэтхэм я зэІущІэм щыхахынущ гупым я Іэтащхьэр. Хабзэ хъуауэ, а къалэныр и пщэ иралъхьэ Къэрал Думэм Нэгъуэщі къэрал Іуэхуэхэмкіэ и комитетым и унафэщым.

# НОБЭ

**♦Пщылыгъэр гъэкІуэдыным хущІэкъуным и дунейпсо махуэщ.** Ди зэманми а махуэм мыхьэнэшхуэ иІэщ: «ОО-м къызэриткІыжьмкІэ, дуней псом иджыри цІыху мелуан 21-рэ хуэдиз пщылІыпІэм щитщ. Абыхэм яхэтщ цІыхубзи сабии.

**♦Урысейм щагъэлъапІэ Банк лэжьакІуэм и махуэр.** 1990 гъэм дыгъэгъаззм и 2-м «Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщхьэм теухуауэ» федеральнэ законыр къызэращтам тращІыхьу ягъэлъапІэ.

**♦Хьэрыпэ Эмират Зэгуэтхэм я лъэпкъ махуэшхуэщ.** 1971 гъэм дыгъэгъаззм и 2-м унафэ къащтащ эмиратыжь зэгухьэу зы къэралыгъуэ зэрызэрагъэпэщыну.

**♦1409 гъэм** Лейпциг (Германие) къыщыізІуахащ Европэм щынэхъыжь дыдэ университетхэм ящыщыр.

**♦1804 гъэм** Бонапарт Наполеон Франджым и император хъуащ.

**♦1870 гъэм** Рим къалэр Италие пащтыхыыгъуэм и щыхьэр хъуащ.

**♦1918 гъэм** РСФСР-м и ЦІыхубэ комиссархэм я советым тхъэмахуэм кьриубыдэу зыгъэпэсхуГъуэу махуэ хэха гъэувыІымрэ къэрал мазхуэшхуэхэмрэ ятеуухуа хабзэр игъэуващ.

**♦1991 гъэм** Ингушым референдум щекІуэкІащ Шэшэным кьыгуэкІыным теухуауэ. Абы хэтхэм я нэхъыбапІэр апхуэдэ унафэм и телъхьэу къэуври, Ингушыр республикэ щхьэхуэ хъуащ.

♦Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым тІэунейрэ и ПІыхьэжь **Багрямян Иван** къыздэкІуэм и махуэр. 1990 гъэм дыгъэгъаззм и 2-м «Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщхьэм теухуауэ» федеральнэ законыр къызэращтам тращІыхьу ягъэлъапІэ.

**♦Іэщэр зыгъэпсыхьу Хъусин** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Гуанэ Аскэрбий** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриткІыжьмкІэ, Налшык уэс къыщысынущ. ЩІыпІэ махуэм 1 градус, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Псалъэм псалъэ покІуэжри, удыным удын покІуэж.**

● Мэкъумэш Іэнатіэм

# Іуэхум йопІэщІэкІ

**Ди республикэм и мэкъумэшыщІэхэм губгъуэ лэжьыгъэхэр и кІэм нагъэс. Нэхъыщхьэращи, гъэр абыхэм ящхуэлекъым: гъавэхэкІыу тонн мин 240-м щІигъу ящхьэлІэжащ, ар нэгъабэ яІам нэхърэ процент 29,9-кІэ нэхъыбэщ.**

МЭКЪУМЭШЫЩІЭХЭМ иджыпсту екІэщІэкІыу зэщІакъэжяк нартыхур, кІэртІофыр, жэгунДэмрэ пхъымрэ. Къапщтэмэ, мы зэманым ирихьалІэу нартыхуу тонн мин 571-м щІигъу, кІэртІофу - тонн мин 216-рэ, сэхуранэ - 34,3-рэ, пхъыуэ, жэгунДэу, къэбистэу - тонн мин 360-рэ кърахьэлІащ. Псом хуэмыдзу бэлэрыгъыркъым, дунейм и щытыкІэм ельытауэ, гъавэр нэхъ кІасэу щыІуахьыж Шэрэдж, Іуащьэмахуэ щыналъэхэр.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ

● КъБР-м и Парламентым

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэ екIуэкIащ. Депутатхэр зэпэщэ Iуэхугъуэ 20-м щигъум, унафэ зыбжанэ къащтащ.**

ЗэIущIэр къыдэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**. Республикэм и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм я ззэшIэкIуж хеящIэхэр Iэят щэхуКIэ хахащ. Апхуэдизу Налшык и 1-нэ щIыпIэм и ззэшIэкIуж хеящIэ - Журт Роберт, Прохладнэ куейм и 5-нэ хеящIэ щIыпIэм - КIуащ Артур, Аруан куейм и 2-нэ хеящIэ щIыпIэм - Иуан Мурат хахащ.

КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм Iэ яIэтыну хуиту хагъэхьащ Азаматов КъуэйсIин, Атмурзаевэ Иринэ, Бекъан Заур, Евтушенкэ Сергей, Къардэн Залым, Къудей Владимир, Тап Руслан сымэ.

«2017, 2018, 2019 гъэхэм КъБР-м и щIыналъэ мылъкум и IуэхукIэ» законым и проектым теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лыхъ Заур**. АдэкIи кхъухитIащ щIыналъэ мылъкур къэралыр нобэ зэрыт экономикэ щытыкIэм зэрелытар икIи мылъкур, зэпэщэчауэ, КъБР-м и социально-экономикэ зыужьынигъэм зэрыхуаунэтIыр. Республикэм къэрал щIыхуэу телъым и Iуэху зыIутым щIэуплъащ КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэрэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1ап1эхэмрэ зеГъэжьыныкIэ и комитетым и унафэщI **Пащты Борис**.

- Пэжу, щIыналъэм щIыхуэу телъыр и хэхъуэм хуэдиз хъуащ, абы уимыгъэгузавэу къыанэрахьым. Ауэ, щIыхуэр зэрыгъэшыныжьын Iэмалхэр къэтлыытэри, щIыналъэм зегъэужьынырабы щхьэкIэ къыззэтемыувIэн хуэдэу, 2017 гъэм и бюджетыр дгъэбеldжылащ. УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм етщIыпIа зэгурыIуэныгъэм тету дызыхэхьIуэ илъэсым республикэм телъ щIыхуэм хэдгъэщIыну марафIхэр диIэщ, - жиIащ Лыхъ Заур абы теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогымрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къудзэз **Мэремыкъуэ Сэфарбий** Лыхъым елъэIуащ транспорт налогым къыпэкIуэр республикэм и муниципальнэ щIыпIэхэм я мылъкум халъхьэу ящIыну. Министрым жиIащ нобэкIэ республикэр абы щхьэкIэ къыззэтемыувIэн хуэдэу, 2017 гъэм и бюджетыр дгъэбеldжылащ. УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм етщIыпIа зэгурыIуэныгъэм тету дызыхэхьIуэ илъэсым республикэм телъ щIыхуэм хэдгъэщIыну марафIхэр диIэщ, - жиIащ Лыхъым абы теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогымрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къудзэз **Мэремыкъуэ Сэфарбий** Лыхъым елъэIуащ транспорт налогым къыпэкIуэр республикэм и муниципальнэ щIыпIэхэм я мылъкум халъхьэу ящIыну. Министрым жиIащ нобэкIэ республикэр абы щхьэкIэ къыззэтемыувIэн хуэдэу, 2017 гъэм и бюджетыр дгъэбеldжылащ. УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм етщIыпIа зэгурыIуэныгъэм тету дызыхэхьIуэ илъэсым республикэм телъ щIыхуэм хэдгъэщIыну марафIхэр диIэщ, - жиIащ Лыхъым абы теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогымрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къудзэз **Мэремыкъуэ Сэфарбий** Лыхъым елъэIуащ транспорт налогым къыпэкIуэр республикэм и муниципальнэ щIыпIэхэм я мылъкум халъхьэу ящIыну. Министрым жиIащ нобэкIэ республикэр абы щхьэкIэ къыззэтемыувIэн хуэдэу, 2017 гъэм и бюджетыр дгъэбеldжылащ. УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм етщIыпIа зэгурыIуэныгъэм тету дызыхэхьIуэ илъэсым республикэм телъ щIыхуэм хэдгъэщIыну марафIхэр диIэщ, - жиIащ Лыхъым абы теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогымрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къудзэз **Мэремыкъуэ Сэфарбий** Лыхъым елъэIуащ транспорт налогым къыпэкIуэр республикэм и муниципальнэ щIыпIэхэм я мылъкум халъхьэу ящIыну. Министрым жиIащ нобэкIэ республикэр абы щхьэкIэ къыззэтемыувIэн хуэдэу, 2017 гъэм и бюджетыр дгъэбеldжылащ. УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм етщIыпIа зэгурыIуэныгъэм тету дызыхэхьIуэ

ильэсым республикэм телъ щIыхуэм хэдгъэщIыну марафIхэр диIэщ, - жиIащ Лыхъым абы теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогымрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къудзэз **Мэремыкъуэ Сэфарбий** Лыхъым елъэIуащ транспорт налогым къыпэкIуэр республикэм и муниципальнэ щIыпIэхэм я мылъкум халъхьэу ящIыну. Министрым жиIащ нобэкIэ республикэр абы щхьэкIэ къыззэтемыувIэн хуэдэу, 2017 гъэм и бюджетыр дгъэбеldжылащ. УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм етщIыпIа зэгурыIуэныгъэм тету дызыхэхьIуэ илъэсым республикэм телъ щIыхуэм хэдгъэщIыну марафIхэр диIэщ, - жиIащ Лыхъым абы теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогымрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къудзэз **Мэремыкъуэ Сэфарбий** Лыхъым елъэIуащ транспорт налогым къыпэкIуэр республикэм и муниципальнэ щIыпIэхэм я мылъкум халъхьэу ящIыну. Министрым жиIащ нобэкIэ республикэр абы щхьэкIэ къыззэтемыувIэн хуэдэу, 2017 гъэм и бюджетыр дгъэбеldжылащ. УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм етщIыпIа зэгурыIуэныгъэм тету дызыхэхьIуэ

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогымрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къудзэз **Мэремыкъуэ Сэфарбий** Лыхъым елъэIуащ транспорт налогым къыпэкIуэр республикэм и муниципальнэ щIыпIэхэм я мылъкум халъхьэу ящIыну. Министрым жиIащ нобэкIэ республикэр абы щхьэкIэ къыззэтемыувIэн хуэдэу, 2017 гъэм и бюджетыр дгъэбеldжылащ. УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм етщIыпIа зэгурыIуэныгъэм тету дызыхэхьIуэ илъэсым республикэм телъ щIыхуэм хэдгъэщIыну марафIхэр диIэщ, - жиIащ Лыхъым абы теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогымрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къудзэз **Мэремыкъуэ Сэфарбий** Лыхъым елъэIуащ транспорт налогым къыпэкIуэр республикэм и муниципальнэ щIыпIэхэм я мылъкум халъхьэу ящIыну. Министрым жиIащ нобэкIэ республикэр абы щхьэкIэ къыззэтемыувIэн хуэдэу, 2017 гъэм и бюджетыр дгъэбеldжылащ. УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм етщIыпIа зэгурыIуэныгъэм тету дызыхэхьIуэ

ЗэIущIэм къыщыдэлажьэ щIэсащ ФедерацэмкIэ Советым бюджетымрэ финансхэмкIэ и комитетым и Унафэщым и къудзэз **Ульбашев Мухьэрбий**. Абы депутатхэми Правительствэм хэтхэми гуЛъаритащ апхуэдизу программэм хыхьэн хуеяр, Москва щымыгугъ, я хэхъуэмкIэ псэужьыф хагъэгугъэр зэрыарам. Зы илъэсым кIуриубыдэу еджапIэщIэ къыззIуэIуххэм федеральнэ центрым къаретыж ухуэныгъэм трагъэкIуэдам щыщ Iыхьэ.

«КъБР-м и къэрал Iэхущ1ап1эхэм къулыкъу щIэзэхьахэр пенсэм щыкIуэну ныбжьым ехьэлIауэ КъБР-м и Хабзэм и 3-нэ, 4-нэ Iыхьэхэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьэным теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, щIыхуэр Iэнатl1экIэ къыззгъэпэщыныр социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт**.

- Мы Хабзэм 2017 гъэм щIышIэ мазэм къару игъэунынущ. Абы къегъэуз КъБР-м и къэрал Iэхущ1ап1эхэм къулыкъу щIэзэзыхьахэр я ныбжьым елъытауэ лэжьапIэм IукIын папщIэ, нэхъ мащIэ дыдэу илъэс тIощIкIэ Iэнатl1э пэрытауэ щытын хуейуэ. Иджы къызэдэсым ар илъэс 15-у щытащ. 2017 гъэм щIыщIэдзауэ, а бжьыгъэм илъэс ныкъуэ къыхъуэгъуэуэ кIуэнущ. Ауэрэ, илъэсипщIым кIуриубыдэу, зэрыгурыIуэгъуэщи, илъэс 20-м хуэкIуэнущ, - жиIащ министрым.

Депутатхэр арэзы техъуащ а зэхъуэкIыныгъэхэм.

«Библиотекэ Iэхэум», «КъБР-м балигъ мыхъуахэр щIэпхъаджагъэм зэрыщаIхъуэнуи теуауэ», КъБР-м и Парламентым деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм и Гъэпсыкl1эм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, нэгъуэщI хабзэхэми депутатхэр хэплъэжащ икIи ахэр къащтащ.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 23-м* *Налшык къалэ* *№632-рп*

Ильэсыщ1э махуэшхуэм ехьэлIа дауэдапщэхэрэ школакIуэхэм я щIымахуэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэмрэ зэщIэгъэуIуэуэ егъэкIуэкIын мурадкIэ:

1. 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м къыщыщIэдзауэ 2017 гъэм щIышылэм и 5 пщIондэ Профсоюзхэм Щэнхабзэмкl1э я унэу Налшык къалэ дэтым Республикэ ильэсыщ1э псейр щыгъэувын икIи абы курыт еджапIэхэм я 1 - 7-нэ классхэм щIэс сабийуэ 10000-м я нэгу зыщIегъэжьын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкl1э и министерствэм хуэгъэуэвын 2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым «Щэнхабзэ, кинематографие» и Iыхьэм и «Щэнхабзэ» раздел къуэдзэм хиубыдэ ахъшэм щыщу сом мин 3000,0-рэ илъэсыщ1э тыгъэхэр кIрищэхун папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкl1э, щIыхуэр Iэнатl1экIэ къыззгъэпэщыныр социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министерствэм хуэхьхьыну.

3. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» Союзым чэнджэщ етын Республикэ ильэсыщ1э псейм иращIэкI гуфIэгъуэхэм ехьэлIа дауэдапщэкIэ къыззрагъэпэщыныр ахэр егъэкIуэкIыныр трагъэкIуэдэн папщIэ сом мин 1400,0-рэ къиутIыпщыну.

4. Республикэ ильэсыщ1э псейм иращIэкI гуфIэгъуэр егъэкIуэкIынымкIэ къыззгъэпэщащIуэ комитетым хэтхэр къещтэн, мы унафэм и гуэдзэным зэриты хуэдэу.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкl1э и министерствэм хуэгъэуэвын ильэсыщ1э гуфIэгъуэ Iуэхуэхэр зэрырагъэкIуэкIынум теухуа планыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м и пэ къихуэу Республикэ ильэсыщ1э псейм и гуфIэгъуэр егъэкIуэкIынымкIэ къыззгъэпэщащIуэ комитетым иритыну.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Уэзнышагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм хуэгъэуэвын Республикэ ильэсыщ1э псейм и гуфIэгъуэхэр щрагъэкIуэкIынымкIэ я унэм игъэIэпхъуэ медицинэ пункт къыщыщзэригъэпэщыну.

7. Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм чэнджэщ етын щIыналъэхэм, къалэхэм ильэсыщ1э псейм и махуэшхуэхэр щегъэкIуэкIынымкIэ къыззгъэпэщащIуэ гупхэр яубыхуну икIи абы хэм яхуэгъэувын:

илъэсыщ1э гуфIэгъуэм ехьэлIа Iуэхуэр щыуб3ыхуа планхэр зэхалъхьэу ильэсыщ1э псейм и гуфIэгъуэр егъэкIуэкIынымкIэ республикэм и къыззгъэпэщащIуэ комитетым 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м фIэмыкIыу иратыну;

мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ хабзэхэм абыкIэ жэуап зыхьхэр, апхуэдизу мафIэсым и щынагъуэ къатемыхьэн папщIэ зытетыхьхэ хабзэхэм егъэкIуэкIын щIыгъуэз ящIыну;

хьэрэкIытIэхэр драгъэлъэтеиныр «Пиротехникэ IэмэпсымэхэрэщащэкIи къыщагъэсэбэпкIи мафIэс къэмыгъэхъуным пыщIа хабзэхэм тетыным и Iуэхукl1э» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м къищта унафэ №1052-м къыщигъэлъэгъуэхэм тету егъэкIуэкIыным кIэлъыплъыну;

пиротехникэ Iэмэпсымэхэр зэрахъуэмэрэ зэращэмрэ кIэлъыплъыныр «МафIэс къэмыгъэхъуным теухуа хабзэхэм я Iуэхукl1э» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м къыдигъэкIа унафэ №390-м тету къызэрагъэпэщыну.

*«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 23-м къыдигъэкIа Унафэ №632-рп-мкIэ къащтащ*

## Республикэ ильэсыщ1э псейм иращIэкI гуфIэгъуэр егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым ХЭТХЭР

**Ахъуэхъу Т. Б.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIу)*

**Амщокъуэ Ф. Къ.** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» Союзым и унафэщIыр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

**Тюбеев А. И.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ, щIыхуэр Iэнатl1экIэ къызэгъэпэщыныр социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

**Вэрмахуэ А. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкl1э и къэрал инспекцэм лэжьыгъэмкIэ *(лэжьыгъэр хъумэнымкIэ) и къэрал инспекторыр (зэгурыIуэуэ)*

**Емуз Н. Гъу.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIыхуэр Iэнатl1экIэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкl1э и министр

**Къэзанш Л. Б.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ щIыхуэ коммуникацхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIыр

**Карныш С. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхуэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныкIэ щIэныгъэмкIэ и Iэнатl1эм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуэуэ)*

**Чэрим Д. А.** - Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкl1э министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIым полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр зэгъэуIунымрэ балигъыпIэ имыувахэм я Iуэхуэхэмкl1э и къудамэм и инспекторыр *(зэгурыIуэуэ)*

**Къумахуэ М. Л.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр

Лыхъ З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрыр

**Расторгуевэ С. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэнымкIэ и министрыр

**Хьэжыкъарэ М. Хь.** - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм и Iуэхуэхмкl1э, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхъуа гуэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжынымкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщIхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщIым и къуэдзэр - кIэлъыплъныгъэ лэжьыгъэмкIэ управленэм и унафэщIыр *(зэгурыIуэуэ)*

**Хъущт А. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министрыр

# Депутатыр студентхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ йопсалъэ

**«Урысей зэкъуэт» партым и фракцэу Къэрал Думэм щыIэм щIыналъэхэм щригъэкIуэкI тхьэмахуэ лэжьыгъэм хиубыдэу Кавказ Ищхьэрэм Гъуэзджэхэмкl1э и къэрал институтым и студентхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ иджыблагъэ яхуэзащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбий.**

ЗэIущIэр къыщызэIуихым абы щэнхабзэмрэ гъэзджэмрэ ди зэманым мыхьэнэшхуэ зэралэр къыхигъэщхьэхуэкIащ икIи а Iэнатl1эм ядэIепыкъунымкIэ «Урысей зэкъуэтым» и фракцэм иригъэкIуэкI Iуэхуэхэм тепсэлъыхьащ. Къапщтэмэ, 2017 гъэм и бюджетым и проектыр щагъэхьэзырым партым и лЫкIуэхэр ткIийуэ къэуващ щэнхабзэм и Iэнатl1эм къэралыр зэрыдэIепыкъуэм нэхъри зегъэужьыным и телъхьэу.

Щхьэгъэш Адэлбий зэIущIэм хэтахэр зыщIэупщIащэм жэуап иритащ. Ар тепсэлъыхьащ творческэ Iэщ1агъэхэм щыхурагъаджэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэIепыкъуным, фестиваль зэмылIэужьыгъуэхэр къызэгъэпэщыным, Iэщ1агъэлI щIалэхэм я щIэныгъэм хэгъэхьэныгъэ, щыагъаджэм и лэжьакIуэ щIэрыIуэхэм щахуэзэ зэIущIэхэр къызэгъэпэщыным, нэгъуэщI хэхъуэхэм.

*«Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ къудамэм и пресс-Iуэхущ1ап1э.*

● Къуэпкъу

## Налшык къалэм и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэм и къалэнхэр Ликсутин Алексей егъэзащIэ

Къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ - финансхэмкIэ департаментым и унафэщI КIасэ Динэ КъБР-м Къэзыпщыта-къэзыбж и палатэм и унафэщIу зэрагъэувам къыхэкIыу Налшык къалэм и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэм - финансхэмкIэ департаментым и унафэщIым и къупкъур игъэзэщIэну Ликсутин Алексей Анатолий и къуэм и пщэ дальхьащ.

Нобэм къэс ар «Дубининскэ» ООО-м и генеральнэ директорым и къуэдзэу щытащ.

Ликсутин Алексей Тамбов областым щыщ Котовск къалэм 1970 гъэм къыщащIухуащ. Ленин орденыр, Бэракъ Плъыжь орденхэр зыхуагъэфэща, Дзержинский Ф. Э. и цIэр зезыхьэ, авиацэм и и инженерхэр щагъэхьэзыр едкапIэ нэхъыщIхьэу Тамбов дэтыр «радиоинженер» Iэщ1агъэмкIэ къыуващ. 2001 гъэм Тамбов къалэм дэт техническэ университетыр «финансхэмрэ кредитымрэ» Iэщ1агъэмкIэ къыуохащ.

1988 гъэм лэжьэн щIидзащ. 1995 гъэм нэсыху Iэщ1агъэ Зэщ1ауэзда къарухэм я кулыкъу щIащащ. 1996 - 2014 гъэхэм УФ-м Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкl1э и министерствэм щылэжьащ.

Унагъэшэ, бынищ иIэщ.

*Налшык къалэм и щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1ап1э*

**«2016 - 2018 гъэхэм къриубыдэу щэнхабзэм игъэтын хуей зыужьыныгъэм теухуа программэ щхьэхуэ Налшык къалэ администрацэм иIэщ.**

АР НЭХЪЫБЭУ зытещIыхьар ди щыхьэрыи и зыгъэпсэхуп1эхэм цIыку куэд къэкIуэн хуэдэу зыхуей зэгъэзэныгъэ. Псалъэм папщIэ, гъэ псом цIыху кIуэп1эу щытын хуей щIыпIэхэм ящыщщ «Налшык и зоопарк» муниципальнэ Iуэхущ1ап1эр. Программэм къызэрыщыгъэльэгъуамкIэ, зы илъэсым къриубыдэу цIыху мин 315-м нэсым абы щапIымхьыфынущ, ауэ а бжьыгъэ зэкIэ мин 80 - 100-м яку иту аращ. Парккэм мин 750-м щIигъу макIуэ.

Программэм уевIпIэ щхьэхуэ щеубыд ди щIыпIэм фIэкIа нэгъуэщI щIыналъэхэм узыщримыхьэлIэ псэущхьэхэр хъумэныр ахэр гъэбэгъуэныр. 2016 гъэм мы Iуэхум трагъэкIуэдэну хухахат сом мелуан 13-м нэблагъэ. КъыкIэлъыкIуэ илъэситIым а бжьыгъэ сом мелуан 16-м (2017 гъэм), мелуан 17-м (2018 гъэм) нагъэсыну я мурадщ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Зи чэзу зэIущIэм щыхэплъэнущ

● Семинархэр

Гордеев Анатолэ, Щыхьмырзэ Мухьэмэд, Къагъырмэс Урай.

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым щэкIуэгъуэм и 25-м щыIэзэхэщ республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я социально-демографие щытыкIэр щызэпкъраха семинар. Ар иригъэкIуэкIащ КъБКъМУ-м щIалэгъуалэ политикэмрэ къэрал щIыб зэпыщIэныгъэхэмкIэ и проректор Щыхьмырзэ Мухьэмэд.**

ЗэIущIэм и къызэгъэпэщакIуэхэм - профессор КъагъырмэсЛрайрэ экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат Гордеев Анатолэрэ - къыхагъэщащ республикэм и Правительствэм щIыналъэхэм яхуигъэув къалэнхэр гъэззщIэным университетым и зэфIэкIыр къыщыгъэсэбэпыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и районхэм щхьэхуэхэм я социально-демографие щытыкIэм щытепсэлъыхьым зэхуэсахэм къагъэлъэгъуащ щIыпIэхэм щрагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм ятещIыхьауэ еджапIэ нэхъыщхьэм и щIэныгъэлIхэм къыхалъхьа чэнджэщхэр къалъытэри, ахэр я лъабжьэу псэукIэр зэуIуу кIэлэтын, демографие Iуэхур егъэфIэкIуэн зэрыхуейр.

Тэрч щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Семэн Пащькъан щIэныгъэлIхэр зэщIэзыгъэуIуа ильэсыщ1э къызэгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ яхуищIри, щIыпIэм и социально-экономикэ инфраструктурэр зыхуэдэм демографие щытыкIэр зэрелытар къыхигъэщащ.

Нэхъыбэу зыгъэпIейтейхэр къыхагъэщхьэхуакIащ. Апхуэдизу ныбжь зиIэхэр нэхъыбэ зэрыхъур, сабий къалъхуаГащIэхэр зэрылIэжыр, цIыхухэр зэрыIэпхъуэр, ящхьэдэс щIалэгъуалэр зэрызэбгрыкIыр, лэжьапIэнэшхэр зэрыкуэдыр.

Iуэхум фIыуэ хэлъхэми къытеувыIащ. ЗэреIэзэ щIыкIэмрэ профилактикэ лэжьыгъэмрэ зэрегугъум и фIыгъэкIэ, сымаджэ хьэлъэхэр нэхъ мащIэ мэхъу, лъпкъ, дин зэхущытыкIэхэр йофIакIуэ, илъэс кIуахэм ельытауэ, щIыпIэ щхьэхуэхэм ику ит улахуэм щыхэхьуэ.

КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатl1экIэ къызэгъэпэщыныр социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Ацкъан Ратмир кIигъэльэгъуащ цIыхухэм Iэнатl1э къахудэхыным, а Iуэхум хэкIыпIэщIэхэр къыхуэзгъэпэщыным теухуауэ университетым и щIэныгъэлIхэм жыдэгъу ядэлэжьэну зэрыхьэзырыр.

Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я унафэщIхэр я зэфIэкIэмкIэ зэхъуэжащ, нэхъыбэрэ зыхуэзэ гугъуехьхэм къытеувыIащ, Iуэхур зэхьэлIа министерствэхэмрэ Iэнатl1эхэмрэ я Iэщ1агъэзэщ.

Мэкъумэш Iэнатl1эм зегъэужьыным хухах субсидиехэр зэрагъэш, ахэр къызэрагъэсэбэп щIыкIэр зи чэзу зэIущIэм щызэпкърахынущ.

Семинарыр къызэрагъэпэщащ къуэжьэхэм я социально-экономикэ зыужьыкIэр ильэс къэс къэпщытэным, социальнэ, экономикэ я лъэныкъуэкIэ жылагъуэхэм зэрызауэзщIыну программэ зэхэтхэр гъэхьэзырыным икIи гъэззщIэным теухуауэ 2014 гъэм щыщхьэуIум и 8-м КъБР-м и Правительствэм къищта Унафэ №284-м щыубзыхуа Iэхэугъуэхэм хыхьэу.

**КIУРАШЫН Заремэ,**
*Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и пресс-Iуэхущ1ап1э и лэжьакIуэ.*

# Уэзэгугъур къогугъуж

● Налшык

ПарКым муниципальнэ Iуэхущ1ап1эр. Программэм къызэрыщыгъэльэгъуамкIэ, зы илъэсым къриубыдэу цIыху мин 315-м нэсым абы щапIымхьыфынущ, ауэ а бжьыгъэ зэкIэ мин 80 - 100-м яку иту аращ. Парккэм мин 750-м щIигъу макIуэ.

Программэм уевIпIэ щхьэхуэ щеубыд ди щIыпIэм фIэкIа нэгъуэщI щIыналъэхэм узыщримыхьэлIэ псэущхьэхэр хъумэныр ахэр гъэбэгъуэныр. 2016 гъэм мы Iуэхум трагъэкIуэдэну хухахат сом мелуан 13-м нэблагъэ. КъыкIэлъыкIуэ илъэситIым а бжьыгъэ сом мелуан 16-м (2017 гъэм), мелуан 17-м (2018 гъэм) нагъэсыну я мурадщ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

ГЪЭУНЭ Борис

# ЛЪАГЪУНЛЪАГЪУ

Рассказ

- ДИ АНЭ шыпхъу закъэр тлъагъунщ икIи дехъуэхъунщ, жыпIэри мы уи нысэри сэри, щIалэжь цIыкIур къызыщIыдгъури, дыкъэкIуаеу аращи, Елыхь-Елыхь, Пагуэ, куэдрэ дяпэ уригъэт, мы фи унэльапсэщIэр угъурлы фхуищI, тыншыгъэрэ узынщагъэрэ фыщIымыщIэу куэд дыдэрэ фыщигъэнсэу!

Жыжьэу укъеплымэ, псом яйми кьыхоу мы фи унэр: лъагэрэ-лъагэу, екIуэрэ-екIуу, пкъо инхэр щIэтыжу-щэ...

КIуэракъэ, къэрал Iэхущ Iапли гуэру фIэкIаеу зэрыпщIэн щыIэкъым. Хуабжьу, ауэ сытми къызэрымыкIуэу, сыщогуфыкI. ПщIантIэ хуитыр мраморкIэ къищIыкIыжауэщэ, уеплъыхамэ, гъуджэм хуэдэу укъишу, сенычыпэ бдзэныхэу уи гум имыдзу... Мы пэш хуитхэм щIэт унэльапсэщIэрщи, нэхъ льапIэ дыдэм щышIрэ зэщIыдгууэжу. Хуэпсэгъэщ фи псэуркIэр, Пагуэ. Тхьэм нэхъри...

Лы къуапцIэ къамылифэм апхуэдэу жиIэу бжьэр иIэта нэужь, абы зи цIэ къриIуа фызэ хэкIуэта зэIэщIэлъэми фIыщIэ ищIу адыгэбзэ жиIаш:

- Тхьэразэ къыпхухъу, Къадир, си щIалэ цIыкIу, уэри узыгъеджалэр уи быныму куэдрэ Тхьэм уи унагъэм уащхьэщIгъэ, зи мылъкур Iэфlрэ фIыгъэжкIэ зышхыжкн гуащIэмрэ гущIэгъумрэ зиIэ Азалыхьталэм уищI. - Пагуэ тIэкIу дыдэкIэ и псэльэн зэпегъэ, тхъуГъэр хэпщIыкIыу зыхидза и щхьэц нальмI-щы къыщIэжат и щхьэфIэпхъыкIми деупщIэж, и нэкIу хъурей тхъуэплъым, мащIэу къикIа-кIыкIарэ мэракIуэ ныкъуэхъур уи нэгу къыщIэзыгъэхьэм, и Iэгуитыр гъуэрыгъуэу дельэри, къыщIегъу:

- Псалпэ къэфхьам, тIысэ. Си закъэпцIий пщIантIэм сыкъыдэнауэ сызэщыпт. Напэлъагъу къудейри Iэджэ и уасэщ, хьи. Мы дунейм зыри пхутехынукъым...

